ISSN 0207-6551



# Редакторым и псалъэ

Ди ныбжьэгъу цIыкIухэ, мис, Гъэмахуэ дахэм фыIуплъащи, дыгъэр къыфхуопс, удзхэр фхуогъагъэ, бзу цIыкIухэм емышыжу уэрэд къывжаIэ... дуней гъэдахэр фэращи!

АтIэ дэри, журналыр фхуэзыгъэхьэзырхэр дынывохъуэхъу фытхъэжу, зывгъэпщIу фи зыгъэпсэхугъуэ мазищыр вгъэкIуэну!

Гъэ еджэгъуэр иухащ. Фэ куэду къыфхэтщ ехъулIэныгъэ зиIахэри, фIы дыдэу еджахэри, зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм щытекIуахэри. Абы ящыщу зи хъыбар, зи сурэт къытIэрыхьахэм ятеухуа тхыгъэхэр мы къыдэкIыгъуэм дригушхуэу къытеддзащи, фэри щапхъэ къатефх. ЕхъулIэныгъэ нэхъыбэж зиIэу зи гугъу дымыщIахэм фи хъыбар къыдэвгъащIэ, Iэмал имыIэу фэри гулъытэ фхуэтщIынущ.

Мы мазэм фхуэдгъэхьэзыра тхыгъэхэр дгъэмащIэри дэ Iэмал зэттыжащ сурэтхэмкIэ сабий нэхъыбэ фыдгъэгушхуэнуи, флъагъуркъэ, фи журнал цIыкIуми зыкъывдещI... куэдым зифлъагъуэжынущ.

Фэ, даущ, иджы зэман нэхъыбэ фиIэнущ, фыкъытхуэтхэну. КъэщIэрейхэмрэ гурыхуэ цIыкIухэмрэ Нур ЦIыкIураш саугъэткIэ зэригъэгуфIэнур фщIэжыртэкъэ мы илъэсым и кIэм? Абы къыхуевгъэхь къэфщIауэ хъуар. Нэгъуэщ I жыфIэн фиIэми, фи тхыгъэ къытедывгъэдзэнуми, къытIэрывгъыхьэ.

Насыпым и куэбжэр
Фэр папщIэ Iуигъэжу!
Абы фэ нэфI-нейуэ
Фызэхимыгъэжу!
Фи чышыр Iэдэжу
Гъэмахуэм фыдэжэу!
Дунейуэ гущапIэм
Хъыринэу фещIэжу,
Тхъэм фигъэпсэу, цIыкIухэ!

# СИ АДЫГЭБЗЭ

* * *

Сытхэр нобэ уи щытыкlэ, адыгэбзэ?
Уэ сыт теплъэм цlыхухэм ухуаша?
Дагъуэ лъэпкъ хэмылъу уи щытыкlэ къабзэм
Гущlэгъуншэу сытхэр иращlа?

Дэнэ сымыкlуами, уэ укъызолъыхъуэ,
Сэ уи макъыр зэхэсхын къысфlощl.
Сысымаджэм – мэхъур си бзэр сэркlэ хущхъуэ,
Хущхъуэзу ар зымыщlэм сигу хагъэщl.

Уэ lэщlыб узыщlыр сэ си бийщи, си бзэ,
Дызэщlыгъумэ, дырамыудын.
Уэ сэ узиlэхукlэ сыадыгэщ, си бзэ,
Сурилэхукlэ уэ умыкlуэдын.

***ДЫГЪУЖЬ Дианэ,*** 6 класс,
Малкэ курыт еджапlэ № 3

* * *

Нэр зыхьэхуу уэс хужь къабзэ –
Фlыуэ слъагъу си адыгэбзэ,
Дыгъэ бзийуэ гум ефlакlуэ,
Си анэбзэу си бзэ гуакlуэ.

Зызмыгъэнщl, жысlэху хъуэрыбзэ,
Зи псэ быдэу адыгэбзэ.
Си пкъым уэ ущоlу жьгъырууэ,
Сыпхуоушэ жэнэтбзууэ.

Щlы къэплъар зэпщlыхь уэшх щlылэу
Уи уэрэдым сегъэпылэ,
Сыпхуэныкъуэщ хьэуам хуэдэу –
Щlым бзэ теткъым уэ пхуэзгъадэ.

***КlЭМЫРГУЕЙ Арианэ,*** 6 класс,
Малкэ курыт еджапlэ № 3

ГЪЭУНЭ Борис

# БЗУУЖЬЫМ КЪЫЩЫЩIАР

Пщэдджыжьыпэ дахэщ. Хьэуар фоупсу къыпIуроIэфIэ. Къуалэбзум я пшыналъэр гумрэ псэмрэ йобзэрабзэри, къабзагъэм, дахагъэм, фIым гур хуегъэушэ.

Спэмыжыжьэу щыт псей жыгышхуэм къелъэхъшэха къудамэм бзу шхынылъэ кIэрыщIащи, хэт щIакхъуэ щыкъуей ирелъхьэ, хэти хугу тIэкIу трегъэщащэ. ЦIыхухэр зэрыIукIуэту, бзу цIыкIухэр зэрызехьэрэ уэру къолъэтылIэ. АрщхьэкIэ, жэнэтбзу цIыкIухэми, дыщэбзу цIыкIухэми зыри къалъысыркъым. Абыхэм я пэ къыица бзуухъу гъуабжэжь гуэрым, зыкъегъэцыджри, мо цIыкIухэр Iуегъэщт. Езыр, ерыскъым лъакъуащхьэкIэ хэуващи, мэуIуэ. Бзу анэра хъунщ, къыбгъэдэсщ нэгъуэщI зыи, а зым и гугъу имыщIу, хуиту егъашхэ, зэзэмызи дэджэгуу. Абдеж Iусылъэр мащIэу щIохъаери, шхыныгъуэм щыщ гуэрхэр щIым къытощащэ. Дыщэбзу цIыкIухэм зыкърадзыхри кIэрыщэщахуэр нэпсейуэ зэщIащыпэ.

Йоуэр аби, а цIыкIухэм ящыщ зым зеIэт, (жыгыщхьэм тес и шыр цIыкIум и Iыхьэ къыхиудыфу къыщIэкIынутэкъым), йолъэтылIэ, хопхъуэри ихьар шырым жьэделъхьэ. Аргуэру хуехь, модрейм ирегъэлъэтэхри зеутхыпщI, гуфIэжу, щIэфиихьыжу и анэм пэплъэуи мэтIысыж.

Бзуухъуужьым игу техуагъэнтэкъым мо цIыкIухэм кIэрыщэщахуэхэр зэращыпри, ар зытIэкIурэ кIакIэщ, и цыр къигъэтэджри къудамэхэр тIэу-щэ къызэхипкIыхьащ. ИтIанэ и щхьэр Iушэ ищIурэ жыгыщхьэм дэплъейщ, зиIэтри мо бэлэрыгъа бзу цIыкIум зытридзащ. Бзу шырым бийр уащхъуэдэмыщхъуэу теуати, и дамэ цIыкIуитIыр къыхуэмыгъэIурыщIэжу удзыпцIэм хэхуащ.





Бзуухъужьым мо цІыкІур ифыщІыну иужь ихьа щхьэкІэ – дэнэт! Жэнэтбзухэри дыщэбзухэри зэхыхьэри а Іеижьыр Іуагъэщтащ. Армырамэ, тхьэмыщкІэ цІыкІур и гъащІэм пыкІат. Ар щыст иджы и дамэ цІыкІуитІыр Іэпыхуарэ елэлэхыу, и жьэр ущІарэ ерагъмыгъуейуэ бауэу. И анэр мэгуІэ, гузэвэгъуэр телъщи, шырым и хъуреягъыр зэм къепкІыхь, зэм къелъэтыхь.

Сэри согузавэ, сфІэгуэныхьщ тхьэмыщкІэр. «Бзу шырым цІыхуІэ еІусэмэ, и анэм ищтэжыркъым» жаІэу зэхэсхащи, зыкІи сыдэІэпыкъуфыркъым. Езыр-езыру и къару къызэрыгъуэтыжыну согугъэ. Апхуэдэуи хъуащ. ТІэкІу дэкІри, мо цІыкІум и дамитІыр зыгуилъхьэжащ. СщІэркъым ар абы ирихьэлІэу къэхъуами, е бзухэм я хабзэ яІэжми, ауэ арыххэу къуалэбзум я пшыналъэр кьызэфІащІэжащ. СогуфІэ сэри, «псори тэмэм хъужащ», – жызори.

Ауэ, тэлай хуэдэ докІри, а пшыналъэ дахащэм зехъуэж гузэвэгъуэ-щтэгъуэ макъкІэ: шынагъуэшхуэ гуэр гъунэгъубзэ къазэрыхуэхъуар гурыІуэгъуэщ. Бзухэр зэрызохьэ, зэрогъэкІий – хэт мэкІакІэ, хэт кІау-кІаущ! Абы хэту, джэдгыныфэрэ щхьэтоп хьужауэ зы бзу пІащэшхуэ гуэрым мывэм хуэдэу зыкъредзых. Зыкъредзыхри, ерыскъым лъакъуащхьэкІэ хэту уІуа а бзуухъуэжь иджы зызэхуэзышэпауэ щысым зытредзэ. Бзу щхьэтопым ар и лъэбжьанэхэмкІэ зэуэзэпсэу епхъуатэри цыр къыпылъэлъу еІэт. «ЦІий-цІий-цІий!» – мэгуІэ бзуухъужьыр; и макъым къыхощ и гъащІэм зэрыпыкІар. Зыпэмылъэщ лъэбжьанэхэм ар зэкІуэцІапІытІэ.

Сыщысщ. Бзу цІыкІухэм къапэрымыуэІауэ хуиту Іусыр зэрашхым сыздыкІэлъыплъым, сыщысабийм си анэшхуэм къызжиІа псалъэ пэжхэр аргуэру сигу къокІыж:

«ИджыпстукІэ схулъокІ. Сызыхэтым сатокІуэ, софІэкІ, жыхуэпІэракъым Іуэхур. Іуэхур а уэ зэгуэр зыгуэрым епха лейр нэгъуэщІым къыщыуищІэжращ. Къарууншэр, зыхуэзфІэмыкІар зэикІ теІэпхъэ умыщІ, си сабий, икІи зыми иумыгъэщІ. Къыпхуэгъунукъым».

# Жаншэрхъ

## Сабийхэм дагъэгуфIэ



Мы гъэм Краснодар щIыналъэм хыхьэ Темырыкъуэ къалэ щекIуэкIа щIалъэгъуалэ футбол зэхьэзэхуэм хэтащ Налшык и «Спартак» гуп ныбжьыщIэр. Футбол зэхьэзэхуэр – зи ныбжь илъэсибгъу-пщIы ирикъуа сабийхэм хухахауэ «Hopes cup» фIэщыгъэр зиIэ турнирт. Налшык икIа гупым а зэпеуэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ.

***Нэхущ Мурат, ГъукIэ Дэнял, Азнаур Айдар, Демигов Хусейн, Бабаев Рустам*** сымэ я спортсмен гупым щхьэкIэ тренер ***Бакъ Рустам*** жеIэ: «Я ныбжьым хуэмыфащэу Iэзагъэрэ ерыщыгъэрэ ягъэлъэгъуащ».

Зыгъэсэныгъэхэм зэмани къаруи куэду яхь. Ауэ щIалэ цIыкIухэр къикIуэтыркъым. Абыхэм я фIэщ мэхъу: апхуэдэ гугъуехьым узыншагъэрэ къарукIэ узэрипсыхьыр.



*Сурэтым:* зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэ ***Лысенкэ Стас*** ди ныбжьыщIэ текIуахэм саугъэтыр яIэщIелъхьэ.

## Щапхъэ

***Мусэ Санэ*** Налшык щыIэ «Лицей № 2-м» и ещанэ классыр къиухащ.

Санэ УФ-м щекIуэкIа *«Къэхутэныгъэхэм я япэ лъэбакъуэ»* зэхьэзэхуэм мы гъэм япэ увыпIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщихьащ.

Санэ пщащэ нэмысыфIэщ, еджэным фIыуэ хогъэ, и ныбжьэгъу цIыкIухэм щапхъэ яхуохъу.





*Сурэтым:* Мусэ Санэ.

## ЩІалэ жан

Налшык къалэ дэт «Лицей № 2-м» и ещанэ классыр «тху» защІэкІэ къиухащ *Шумахуэ Дамир.* УФ-м урысыбзэмкІэ щекІуэкІа зэпеуэм Дамир ди республикэм щытекІуащ.

Еджапіэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэхэми ар жыджэру хэтщ. Налшык къалэ *«Къэхутэныгъэхэм я япэ лъэбакъуэ...»* фІэщыгъэр иІэу щекІуэкІа УФ зэпеуэм Дамир етІуанэ увыпІэр къыщихьащ.

Шумахуэ Дамир куэдкІэ дэІэпыкъуэгъу къыхуохъу и егъэджакІуэ Къалэбатэ Ларисэ.





*Сурэтым:* Шумахуэ Дамир.

## Пщащэ жыджэр

***Къетыкъуэ Дисанэ*** Налшык 9-нэ курыт еджапІэм щоджэ, 5-нэ классыр къиухащ.

Мы пщащэ цІыкІур сыт щыгъуи жыджэру хэтщ еджапІэм щекІуэкІ щІэныгъэ зэпеуэхэм. Гъэ еджэгъуэ кІуар абы ирихащ ехъулІэныгъэхэр иІэу. 2015 гъэм и октябрь мазэм абы къыхуагъэфэщащ VI-нэ Урысейпсо зэхьэзэхуэу «SAPIENTI SAT» фІэщыгъэр зиІэм и щытхъу тхылъыр. Мы бзэ зэхьэзэхуэм Къетыкъуэм балл 80 къыщихьащ.

А махуэ дыдэм Дисанэ къратащ нэгъуэщІ зы *Щытхъу тхылъи:* ар ищхьэкІэ зи гугъу фхуэтщІа зэхьэзэхуэм математикэмкІэ жыджэру зэрыхэтам щхьэкІэщ; апхуэдэу литературэмкІэ VI-нэ Урысейпсо зэпеуэм 2-нэ увыпІэр къызэрыщихьамкІи (балл 95) абы хуэфащэ диплом къратащ.



2015 гъэм и ноябрым обществознаниемкІэ, адыгэбзэмкІэ, инджылыбзэмкІэ 9-нэ курыт еджапІэм щекІуэкІа зэпеуэм Дисанэ пашэныгъэ зэрыщиубыдамкІэ Щытхъу тхылъ къыхуагъэфэщащ.

Абыхэм я закъуэкъым: мы гъэм и февралым Къетыкъуэ Дисанэ аргуэру дигъэгуфІащ. Омск Къэрал университетым и Щыхьэт тхылъыр абы къратащ, урысыбзэмкІэ зэпеуэм 2-нэ увыпІэр къызэрыщихьам папщІэ. Апхуэдэу мы гъэм и февраль мазэм Обнинск къалэм «ЩІэныгъэрэ творчествэрэ» фІащу урысыбзэкІэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэм Дисанэ диплом къыщыхуагъэфэщащ. Мы зэпеуэм абы 2-нэ увыпІэр щиубыдащ (балл 99).

Апхуэдэущ Къетыкъуэ Дисанэ Мухьэрэм и пхъум гъэ еджэгъуэр къызэрырихьэлІар. Мы пщащэ жыджэр цІыкІум щапхъэ тефхмэ, фэри щапхъэ фыхъунщ. Дисанэщи, «Нурыр» абы йохъуэхъу ефІакІуэу адэкІи еджэну.

***КЪАРМЭ Іэсият***

*Сурэтым:* Къетыкъуэ Дисанэ.

# ДыгъэЩыгъэ



ЕЛЕЙХЭ Мухьэмэдрэ Iэдисэрэ



ПЩЫНОКЪУЭ Лианэ



ШЫРЫТ Iэдэм



КIЭМЫРГУЕЙ Арианэ



БАГЪ Данэ



КХЪУЭНЫХЬ Динарэ



БАКЪЕЙ Темырыкъуэ



ДЫЩЭКІ Джэбрэил,
ХЪУЭКІУЭН Мадинэ



ТЕНДЖЫЗ Мухьэмад



ПЩЫХЬЭЩІЭ Къантемыр



ДЫКЪЫНЭ Камиллэ



ХЬЭТУ Аслъэнбэч

*Фщlэн папщlэ*

# ХЭТ НЭХЪ ЖЭР!

Псэущхьэхэр къыззэдагъэжатэмэ, япэ-яужьу къыззэрысыжынур мыпхуэдэут:

1 – гепард;
2 – дзерен;
3 – гну;
4 – африкэ страус;
5 – шы, шыгъажэш (скаковая лошадь);
6 – бажэ (лисица);
7 – тхьэкlумэкlыхь (заяц);
8 – хьэпщlэу (борзая);
9 – кхъуэпlащэ (бородавочник);
10 – жираф;
11 – бизон;
12 – страус эму;
13 – джэду (кошка);
14 – махъшэ (верблюд);
15 – пыл (слон африканский);
16 – цlыху (человек);
17 – блэ (черная мамба);
18 – мэл (овца);
19 – дзыдзэ (горностай);
20 – дзыгъуэ (мышь);
21 – блэшхуэ (удав);
22 – щlыlуб (крот);
23 – шылъэгу (черепаха).







IуэрыIуатэ

# ЩIалэ цIыкIуитIым Дыгъухэр зэрагъэщтар

Таурыхъ

Гъэмахуэм щIалэ цIыкIухэр Къущхьэхъу здашэу щытащ атIэ.

Еуэщ аби, зы мэлыхъуэ пщыIэ гуэрым лIы гуп тест, щIалэ цIыкIуитI я гъусэу. Арати, мэлыхъуэхэр Iуэху пIащIэгъуэкIэ текIын хуей хъури, сабиитIым я закъуэу къэнащ. Пшапэр щызэхэуэм, цIыкIухэр нэщхъей къэхъуащ. Сабий ядыгъуу щыщыта зэманырати, ущIэгузэвэн щыIэт.

– Иджы, мы пщыIэм еIуящIэ гуэрхэр къытехьэмэ даукIынкъэ, дахьынкъэ?– жеIэ зым.

– Зыгуэр къаджэрэ, дыщIэкIмэ, дадыгъунущ, дыщIэмыкIмэ, къыттеуэнущ. Сыт тщIэнур?!

– Дгъэшынэнщ.

А тIум зэхъуцэцэн ямыух щIыкIэ, «Хэгъэрей!» – жери зыгуэр къэджащ. Арыххэу, зэм макъ гъум защIу, зэм зэщIэкIиеу, зыщIыпIэхэм теуIуэурэ Iэуэлъауэшхуэ-псалъэмакъышхуэ къагъэхъеящ щIалэ цIыкIуитIым. КъыIухьахэр зоплъыж. Абы хэту:

– Хэт узыхуейр? – жери зы щIалэ цIыкIур щхьэгъубжэм Iуоувэ, бжэр Iуимыхыу.

Iэщэ-фащэкIэ зэщIэузэда шу гупым зы къахокIиикI:

– Хэт щIэс мыбы?.. Щхьэ зэрыгъэкIийрэ?!

– ЩIэсхэри? КIуэцIыкъухь и къуэ ЛIыуэд, леймыгъэгъу Щэуей, ер зымыдэ Iэпщацэ, ХьэпцIэ и къуэ Пагуэжь, Джатэгъэжь Хьэгъундыкъуэ, лIы къэзыхь Къурей сымэ ди хьэщIэщ. Анфэукъуэрэ Къурмэнрэ гъунэгъу пщыIэм кIуащи, иджыпсту къагъэзэжынущ. Фыкъеблагъэ!

КъыIухьахэр дыгъуэгъуакIуэ гупти, защIэжт:

– Уэлэхьэ, а къомыр щахьэщIэкIэ, дэ абы дахыхьэ мыхъуну, даукIынмэ,– жари, яшхэм елъэдэкъауэри щIэпхъуэжащ.

ЩIалэ цIыкIуитIыр, зэплъыжри, зэхуэгуфIащ.

*ЛIыгъэкъэ атIэ ар! Мис апхуэдэ куэдым зыкърагъэлыфу щытащ ди IуэрыIуатэм къыхэна сабийхэм. Фымышынэмэ, ди ныбжьэгъу цIыкIухэ, куэдым фыпэлъэщынущ фэри. Дэ пцIыупс фытщIыну дыхуейкъым, ауэ гузэвэгъуэ къыщыхъум и деж, адыгэ псалъэжьым жиIэр фщIэрэ?*

*«Уи нэм къеIэм – и псэм еIэ!» – жи. Абы къикIыр нэхъыжьхэм къывжаIэнщ.*

**ТХЬЭМОКЪУЭ Женя**

зэхуихьэсыжахэм щыщщ

*Зэвгъэцlыху*

# ХЪЫДЖЭБЗ IУЩЫЦЭ



Мы тхыгъэр зытеухуар Нартан къуажэм щыщ, Налшык къалэ и курыт еджапIэ № 26-м и 4 классым «5» защIэкIэ щеджэ Думэныщ Илонэщ. Зи Iущагъымрэ акъылыфIагъэмкIэ и ныбжьым итхэм къахэжаныкI хъыджэбзыр и классэгъухэм я дежкIэ щапхъэщ.

Зи гугъу ныфхуэтщI пщащэ Iущыцэр еджэным зэрыхэзагъэм щыхьэт тохъуэ Налшык къалэ и курыт еджапIэ № 26-м и унафэщIым и Iэ щIэлъу мызэ-мытIэу къыхуагъэфэща щIыхь тхылъхэмрэ и адэ-анэ Русланрэ Марьянэрэ къыхурагъэхьа фIыщIэ тхыгъэхэмрэ, я хъыджэбзым гъэсэныгъэ дахэ зэрыратам папщIэ. А псом къыдэкIуэу, ещанэ классыр къыщиухым Илонэ медаль къратащ, еджэным зэфIэкI къызэрыщигъэлъагъуэм папщIэ. Дауи, адэ-анэр я хъыджэбзым и ехъулIэныгъэхэм ирогушхуэ, къигъэлъагъуэ зэфIэкIхэм я щхьэр лъагэу ирагъэлъагъуж, уеблэмэ, дамэ къытрагъакIэ.

Къищынэмыщlауэ, Илонэ предмет зыбжанэмкIэ къызэрагъэлэща зэхьэзэхуэхэм и зэфIэкI щеплъыжащ. Апхуэдэхэщ урысыбзэмкIэ, есэпымкIэ, биологиемкIэ екIуэкIа «Олимп 2015 – Осенняя сессия» дунейпсо дистанционнэ зэпеуэхэм зэрыхэтар, абыхэм къызэрыщыхэжаныкIар. Думэныщ Илонэ къыхурагъэхьаща зэхьэзэхуэхэм я унафэщI Росов Алексей и Iэ зыщIэлъ щIыхь тхылъхэр.

Илонэ, еджэным зэрыхэзагъэм къыдэкIуэу, лъэпкъ къафэхэр зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ елъагъу. ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэр зэригъэдахэм къыдэкIуэу хъыджэбз цIыкIум и Iэпкълъэпкъыр лантIэщ, зэкIужщ. Ар, дауи, зи фIыщIэр Илонэ къафэмкIэ и гъэсакIуэ Самаровэ Галинэщ.

Мы тхыгъэр зытеухуа Илонэ хуэдэ еджакIуэ Iущыцэхэрщ районым, республикэм, къэралым и зыужьыныгъэм, ар ефIэкIуэным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIынур. Аращи, афэрым, Илонэ!

***ТЕКIУЖЬ Заретэ***

# ХЭТ НЭХЪЫФIУ ИМЫТХРЭ?!

1. Ди адэ-анэм дыкъагъэгугъат, гъэмахуэр къэсмэ, тенджызым дашэну. 2. Пшахъуэр пщтыррэ псыр хуабэу, хьэлэмэтщ тенджыз Iуфэм зыщыбгъэпсэхуну. 3. Ауэ сэ мы гъэм сыкIуэнукъым. 4. Дадэрэ нанэрэ я деж сашэнущи, хьэндырабгъуэ зэмыфэгъуэхэр щызэрызехьэ удзыпцIэм сыхэсу зызгъэнщIыху щIымэракIуэ сшхынущ. 5. Шынагъуэкъым шыпсыранэр дзакъэми, ари узыншагъэу жаIэ. 6. ИтIанэ, гъэмахуэр къыщIысхуэмыгъэсыр вжесIэнти: дадэ жэщхэсу бдзэжьеящэ сыздишэну къызжиIащи арщ. 7. Уоу! 8. КъунтхкIэ къэдубыдыну къуэлэн цIыкIухэр си нэгу къыщIэзгъыхьэмэ, уафэгъуагъуэ уэшхми сыщышынэжыркъым. 9. Уэшх нэужьым къищI лэгъупыкъури сфIэфIщ сэ. 10. Аращ гъэмахуэр къыщIысхуэмыгъэсыр. 11. Фэр-щэ?

а) – 1, 2, 4, 5-нэ псалъэухахэм къыщывгъуэт бжыгъэ белджылы гуэр къызэрыкI пычыгъуэ. А псалъэ пычыгъуэр дамыгъэкIэ къэфтхъыхьурэ къыхэвгъэкI.

б) – 2, 4, 5, 7-нэ псалъэухахэм яхэтщ псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэ пычыгъуэхэр. дамыгъэкIэ апхуэдэхэр къэфтхъыхь.

в) – 1, 2, 4, 5, 6-нэ псалъэухахэм къыщыфлъыхъуэ пхъэщхьэмыщхьэ е ерыскъыпхъэ гуэрхэр къззыгъэлъагъуэ псалъэ пычыгъуэхэр. дамыгъэкIэ апхуэдэхэр къыхэвгъэщ.

г) – Хьэрфхэм я зэкIэлъыкIуэкIэр фымыкъутэу (зэблэвмыдзу) хьэндырабгъуэ псалъэм и кIуэцI мыхьэнэ зэмыщхь зиIэ псалъиплI (4) къыщыфлъыхъуэ.

Лэгъупыкъур «зэхэззрыхьащ...»

## Лэгъупыкъур «зэхэзэрыхьащ...»

*Лэгъупыкъу.* Сыт мыпхуэдэ фIэщыгъэр адыгэбзэм къыщIыщагъэсэбэпыр? Щхьэ апхуэдэу жаIэрэ?

Ар зэрызэхэт плъыфэхэр (уафэм къызэрытридзэ зэкIэлъыкIуэкIэ пэжым тету) зэвгъэзэхуэжи зэхэвлыкI. Плъыфэхэм щхьэж зэреджэр тефтхэ.

Дэтхэнэ плъыфэ къуаншэм нэхъ ещхь хъуну пIэрэ *«къыпцIафэ»* жыхуэтIэр?



Лэжьыгъэхэр къызэрытIэрыхьэнумкIэ упщIэ зиIэхэр фыкъэпсалъэ хъунущ: 42-75-30, 42-17-53 телефонхэмкIэ; апхуэдэу къевгъэхь ди сайтым WWW.nur КБР.ru



***Мы сурэтым сытым фригъэгупсысрэ?***
***Мыбдеж ифтхэ.***



*Нартан щыIэ «Уэсэпс цIыкIу» сабий садым и гъэсэнхэм загъэпсэху*


*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 6 2016 г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям, 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

И. о. главного редактора
**Б. АБРОКОВА**

Редколлегия:
**Х. КАРМОКОВ**
**А. КАРМОВА**
**Е. ТХАМОКОВА**
**Х. ТИМИЖЕВ**
**П. ХАТУЕВ**

Художественный редактор
**М. ХАЛИЛОВА**

Набор и верстка
**Н. РАСТОРГУЕВОЙ**

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
10.05. 2016 г.
Выход в свет 29.04. 2016 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага офсетная № 1
Гарнитура Arial Cyr, Minion Pro
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2150 экз.
Заказ № 367
Индекс 73912
Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,19 руб.
за 6 мес. – 79,14 руб.
В розницу – цена свободная.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5
42-75-30, 42-17-53
nur46@mail.ru

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5
ГКУ «КЦО СМИ КБР».
Дом печати.

Отпечатано
ООО «Печатный двор»
360030, КБР, г. Нальчик,
ул. Калюжного, 1
printhouse07@gmail.com,
Тел.-факс 8(8662) 74-11-33.